wàcce nañu ci man ay aaya yoy musuñoo wàcce yu mel ni ñoom, Ñaari muslukaay yi

Jële nañu ci Huqbata Ibn Haamir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na ma: "wàcce nañu ci man ay aaya yoy musuñoo wàcce yu mel ni ñoom, Ñaari muslukaay yi"

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Huqbata ibn Haamir yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa nettali jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ko ne: Yàlla wàcce na ci man ci guddi gii aaya yoo xam ne yu mel ni ñoom masula wàcc-maanaam ci muslaay- ñuy Ñaari muslukaay yi: Saaru {Xul ahuusu bi rabbil falaqi} ak Saaru {Xul ahuusu bi rabbin naasi}.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65448